

EmPower+ ofri rekonpans pou fanmi ki gen revni ba ak mwayen ki amelyore jan yo sèvi ak enèji. Demann sa a pral detèmine pou ki rekonpans ou kalifye baze sou lajan ki antre lakay ou.

Enfòmasyon ki nan demann sa a pral ede detèmine ki sèvis ak ki pwogram ki pi bon pou ou. Nan sèten sitiyasyon, sèvis pou fanmi ki gen revni ba yo se ajans ki fè pati Pwogram Asistans pou Pwoteksyon Kont Move Tan an (Weatherization Assistance Program, WAP) ki ofri yo. Nan ka sa yo, demann sa a ap sèvi kòm demann pou WAP la epi nou gen dwa transfere li bay ajans ki bò lakay ou a pou sèvis sa yo. Tanpri ekri klè an lèt detache epi bay tout enfòmasyon ki posib. Ou ka ranpli demann sa a sou entènèt nan [nyscrda.ny.gov/empower-apply](https://nyscrda.ny.gov/empower-apply). Ranpli demann nan sou entènèt se fason pi rapid pou NYSERDA egzaminen epi apwouve demann ou an.

Lis kontwòl sa a pral ede garanti nou travay sou demann ou an rapidman. Tanpri mete yon ✓ nan ti kare ki la pou sa a lè ou fin verifye tout Seksyon yo nan Demann nan ranpli, epi ou bay tout dokimantasyon nou egzije yo. Nou travay sou demann yo nan lòd premye vini, premye sèvi.

Enfòmasyon Jeneral sou Demandè a (Seksyon A, B ak C) – Verifye tout espas ki obligatwa yo ranpli (sòf si yo make “ochwa”).

**LOKATÈ SÈLMAN:**

Bay Non, Adrès ak Nimewo Telefòn Mèt Kay la nan Seksyon C

**ENFÒMASYON SOU SÈVIS PIBLIK (SEKSYON D):**

Otorizasyon Siyen Kliyan an pou Bay Enfòmasyon sou Bòdwo Kabiran/Kouran li

Mete yon kopi Bòdwo Kouran konplè a

Mete yon kopi Bòdwo Gaz konplè a oswa bòdwo ou resevwa nan men Founisè Kabiran an si ou chofe avèk pwopàn, petwòl, kewozèn, bwa, oswa chabon

**ENFÒMASYON SOU REVNI (SEKSYON F AK G):**

Verifye tout espas ki obligatwa yo ranpli

**DONE DEMOGRAFIK (SEKSYON H): Ochwa**

Ochwa

**AFIMASYON DEMANDÈ A (SEKSYON I):**

Li epi siyen

**LYEN ITIL SOU PWOGRAM NAN:**

- Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram EmPower+ la ak sa li ofri yo, tanpri ale sou [nyscrda.ny.gov/empower](https://nyscrda.ny.gov/empower)
- Pou fè demann patisipe nan EmPower+ avèk demann ki sou entènèt la, tanpri ale sou [nyscrda.ny.gov/empower-apply](https://nyscrda.ny.gov/empower-apply)
- Pou jwenn yon founisè sèvis k ap patisipe nan Empower+, tanpri ale sou [nyscrda.ny.gov/Contractors/Find-a-Contractor/Empower-Plus-Contractors](https://nyscrda.ny.gov/Contractors/Find-a-Contractor/Empower-Plus-Contractors)
- Pou plis enfòmasyon ak asistans, tanpri kontakte yon Sant Rejyonal Enèji Pwòp (Region Clean Energy Hub) nan [nyscrda.ny.gov/All-Programs/Regional-Clean-Energy-Hubs](https://nyscrda.ny.gov/All-Programs/Regional-Clean-Energy-Hubs)
- Pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon baze sou revni, tanpri ale sou [nyscrda.ny.gov/empower-income](https://nyscrda.ny.gov/empower-income)

**TANPRI VOYE DEMANN NAN REMÈT NAN:**

TRC Companies  
3 Corporate Drive, Suite 202  
Clifton Park, NY 12065

EmPower+ ofri rekonpans pou fanmi ki gen revni ba ak mwayen ki amelyore jan yo sèvi ak enèji. Demann sa a pral detèmine pou ki rekonpans ou kalifye baze sou lajan ki antre lakay ou.

## SEKSYON A: ENFÒMASYON SOU DEMANDÈ A

Non Demandè a

Adrès Apatman Nim.  
NY

Vil Eta Kòd Postal

Konte

Nimewo Telefòn (mete kòd rejyonal la)

Dezyèm Telefòn (mete kòd rejyonal la)

Adrès Imèl (Obligatwa)

Adrès Postal (si li diferan de sa ki ekri pi wo a)

Lèt Moun pou Kontakte

Sa Li Ye pou Demandè a

Nimewo Telefòn (mete kòd rejyonal la)

## SEKSYON B: ENFÒMASYON SOU LOJMANAN

- Mwen se mèt lojman an  Mwen se lokatè epi mwen peye sèvis piblik mwen yo dirèkteman
- Mwen se lokatè epi sèvis piblik yo antre nan lwaye a
- Kay Endividyèl  Bilding Apatman \_\_\_\_\_ Kantite inite  Kay prefabrike/sou wou  Fwaye pou gwoup/refij

## SEKSYON C: ENFÒMASYON SOU MÈT KAY LA

Non Mèt Kay la

Nimewo Telefòn (mete kòd rejyonal la)

Adrès Imèl

Èske Adrès Mèt Kay la menm ak adrès bilding nan?  Wi  Non – Si se “Non” tanpri ekri adrès la pi ba la a.

Adrès

**OCHWA:** Tanpri ajoute tout enfòmasyon ki gen dwa itil nou pou nou redui konsomasyon enèji ou epi bay lis pwoblèm sante oswa bezwen espesyal moun ki rete nan kay la nou dwe okouran:

**AJANS KI REFERE YO AK FOUNISÈ SÈVIS EMPOWER+ YO:** Ekri non biznis oswa ajans ou a an lèt detache.

## SEKSYON D: ENFÒMASYON SOU SÈVIS PIBLIK

**Kabiran chofaj prensipal mwen se:**

Kouran Elektrik  Petwòl  Kewozèn  Gaz Natirèl  Pwopàn  Bwa  Granile  Mwen pa konnen

Lòt: \_\_\_\_\_

**Dezyèm kabiran chofaj mwen se:**

Kouran Elektrik  Petwòl  Kewozèn  Pwopàn  Bwa  Granile  Chabon  Mwen pa gen dezyèm kabiran

Lòt: \_\_\_\_\_

**KOURAN ELEKTRIK: Si ou responsab bòdwo kouran an, bay enfòmasyon sa yo:**

Non Konpayi Kouran an: \_\_\_\_\_

Nimewo Kont Ou: \_\_\_\_\_ Si se NYSEG oswa RG&E – POD # \_\_\_\_\_

**GAZ: Si ou se yon kliyan gaz natirèl epi se ou ki responsab bòdwo a, bay enfòmasyon sa yo:**

Non Konpayi Gaz la: \_\_\_\_\_

Nimewo Kont Ou: \_\_\_\_\_ Si se NYSEG oswa RG&E – POD # \_\_\_\_\_

**FOUNISÈ KABIRAN PRENSIPAL: si ou chofe ak yon kabiran ki pa ni gaz natirèl ni kouran elektrik, bay enfòmasyon sa yo:**

Non Konpayi an: \_\_\_\_\_

Nimewo Kont ou: \_\_\_\_\_

## SEKSYON E: ENFÒMASYON SOU KOLABORATÈ

Si ou ta renmen travay avèk yon founisè sèvis presi k ap patisipe nan pwogram efikasite enèjetik NYSERDA yo, tanpri endike sa pi ba a. N ap travay pou akomode demann ou an, men seleksyon final la ap baze sou disponiblite founisè sèvis k ap patisipe nan pwogram nan ak sou akseptasyon pwojè w lan. Si ou p ap travay ak yon founisè sèvis pwogram nan, n ap ba ou pwochen founisè sèvis k ap patisipe nan pwogram nan ki nan lis apwouve nou an oswa ou ka chwazi youn nan founisè sèvis patisipan nou yo nan [nyserdera.ny.gov/Contractors/Find-a-Contractor/Empower-Plus-Contractors](https://nyserdera.ny.gov/Contractors/Find-a-Contractor/Empower-Plus-Contractors).

Non Founisè Sèvis la: \_\_\_\_\_

NYSERDA ap kore yon rezo konseye pwofesyonèl nan zafè enèji ki gen dwa deja ap ede ou avèk pwogram sa a, avèk lòt pwogram NYSERDA, avèk òf sèvis piblik, epi avèk lòt resous lokal. Si w ap travay kounye a avèk yon Sant Enèji Pwòp NYSERDA, tanpri endike kilès pi ba la a. Pwogram nan ap ba li enfòmasyon limite sou pwojè a pou li ka kontinye ede ou nan chak etap. Ou ka jwenn yon lis Sant nan [nyserdera.ny.gov/All-Programs/Regional-Clean-Energy-Hubs](https://nyserdera.ny.gov/All-Programs/Regional-Clean-Energy-Hubs).

Non Sant Enèji Pwòp la ak/oswa Òganizasyon an: \_\_\_\_\_

## SEKSYON F: DOKIMANTASYON SOU REVNI - tanpri chwazi youn nan sa yo

- A.  Lèt referans: Si ou te resevwa yon lèt nan men NYSERDA ki gen yon kòd referans, ekri li anba la a. Si ou gen yon kòd referans, ou pa bezwen bay lòt dokimantasyon pou montre ki kantite lajan ou touche.  
Nim. Kòd Referans la: \_\_\_\_\_
- B.  Bay kopi YOUN nan bagay sa yo: Kopi tout lèt apwobasyon an nèt pou HEAP, SNAP (Bon Alimantè), TANF (Asistans Tanporè pou Fanmi ki Nan Bezwen oswa Temporary Assistance for Needy Families) oswa Revni Sekirite Siplemanntè (Supplemental Security Income) ki poko gen 12 mwa. Ou pa bezwen bay lòt dokimantasyon pou montre ki kantite lajan ou touche.
- C.  Si A, oswa B ki anwo la a pa aplikab, alòs bay dokimantasyon pou montre kantite lajan ou touche anba youn nan opsyon ki anba la a:

### Opsyon 1

- Souch chèk: tout revni anvan taks ki antre nan kay la pandan 60 jou ki sot pase yo. Pou kalkile revni pa mwa total la, si revni an se:
  - Chak semèn: multipliyè revni pa semèn nan ki reprezante 4 dènye semèn yo pa 4.3
  - Chak de (2) semèn: multipliyè 2 dènye semèn konsekitif yo pa 2.15
  - De (2) fwa pa mwa: multipliyè pa 2
- Prestasyon Sekirite Sosyal ak/oswa Revni Sekirite Sosyal pou Travayè ki Vin Andikape: kopi lèt apwobasyon an
- Dokimantasyon sou tout fòm revni yo. Sa ka gen ladan prestasyon poutèt enfimite, dedomajman poutèt aksidan travay, endanmnite poutèt chomaj, pansyon, pansyon alimantè, rant, avantaj pou Ansyen Konbatan, ak tout lòt lajan ou touche
- Si w ap Travay pou Tèt Ou: Rapò IRS sou lajan ou fè pa trimès pou twa dènye mwa yo

### Opsyon 2

- Deklarasyon taks: Opsyon sa a disponib sèlman si tout moun ki rete nan kay la ki te sipoze deklare taks yo te fè sa. Si w ap dokimante revni avèk deklarasyon taks, ou dwe dokimante tout sous revni yo avèk deklarasyon taks. Deklarasyon yo dwe dènye Deklarasyon Taks sou Revni Federal la (Fòmilè 1040, 1040A, oswa 1040EZ). Si w ap dokimante lajan ou fè nan lwaye, nan biznis oswa nan fèm – ou dwe bay fòmilè korespondan yo (Fòmilè C, E, ak F).

## SEKSYON G: ENFÒMASYON SOU REVNI

Kantite total moun ki rete lakay ou? \_\_\_\_\_

Si w ap sèvi avèk opsyon A oswa B ki pi wo la a pou fè demann ou an, ranpli sèlman Tout Non an, sèks, laj, ak èske se etidyan. Si ou te chwazi opsyon C, ranpli tout tablo a nèt.

**Mete enfòmasyon sa yo pou chak moun ki rete nan kay la. Pou sèks sèvi ak chwa sa yo:**

**1. Ou Idantifye tèt Ou Kòm Gason, 2. Ou Idantifye tèt Ou Kòm Fanm, 3. Lòt**

Tout Non an	Sèks	Laj	Etidyan (Wi oubyen Non)	Sous Revni	Pa Semèn	Pa Mwa	Pa Ane
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
					\$	\$	\$
<b>Revni Total pou Tout Kay la</b>					\$	\$	\$

## SEKSYON H: DONE DEMOGRAFIK

Pou ede NYSERDA konprann konsekans pwogram nou yo sou kominote lokal yo, tanpri reponn kesyon demografik yo ki anba la a. Ou pa oblije reponn kesyon sa yo epi yo p ap gen konsekans sou kalifikasyon ou pou pwogram nan.

**Endike kantite moun ki rete lakay ou ki:**

Gen laj 60 an pou pi piti: \_\_\_\_\_ Andikape: \_\_\_\_\_ Gen laj 17 an pou plis: \_\_\_\_\_

Se ansyen militè oswa ki militè kounye a: \_\_\_\_\_

**Mete si demandè a:** (*chwazi omwen youn, e tout sa ki vre yo*)

- |   |   |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Pito Pa Reponn                                       | <input type="checkbox"/> Awayen Natif-Natal oswa Moun Zil Pasifik |
| <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken / Premye Nasyon / Natif-Natal Alaska | <input type="checkbox"/> Blan                                     |
| <input type="checkbox"/> Azyatik  | <input type="checkbox"/> Pa konnen                                |
| <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afwo-Ameriken                               | <input type="checkbox"/> Lòt                                      |

**Mete si demandè a:**

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Ispanik, Latino(a), oswa Gen Orijin Panyòl        | <input type="checkbox"/> Pa konnen      |
| <input type="checkbox"/> Pa Ni Ispanik, Ni Latino(a), Ni Gen Orijin Panyòl | <input type="checkbox"/> Pito Pa Reponn |

**Endike konbyen moun ki rete lakay ou:** (*chwazi omwen youn, e tout sa ki vre yo*)

**Kantite**

**Ras**

- |       |  |
|-------|--|
| _____ | Endyen Ameriken oswa Natif-Natal Alaska        |
| _____ | Azyatik  |
| _____ | Nwa oswa Afwo-Ameriken                         |
| _____ | Awayen Natif-Natal oswa Moun Lòt Zil Pasifik   |
| _____ | Blan   |
| _____ | Plizyè ras (omwen de (2) nan sa ki pi wo la a) |
| _____ | Lòt  |
| _____ | Pito pa reponn                                 |

**Mete etnisite moun ki rete lakay ou, sa gen ladan l demandè prensipal la:**

**Kantite**

**Etnisite**

- |       |   |
|-------|---|
| _____ | Ispanik, Latino(a), oswa Gen Orijin Panyòl        |
| _____ | Pa Ni Ispanik, Ni Latino(a), Ni Gen Orijin Panyòl |
| _____ | Pa konnen   |
| _____ | Pito pa reponn                                    |

## SEKSYON I: AFIMASYON DEMANDÈ A

Mwen, \_\_\_\_\_ bay otorizasyon pou yo di antite sa yo ki detèminasyon ki fèt sou kalifikasyon mwen epi pou yo ba yo enfòmasyon mwen mete yo sou demann sa a, dokiman dapui yo sa gen ladan l dokimantasyon sou revni, epitou enfòmasyon sou estati pwojè mwen an, ak enfòmasyon sou pwojè a (sa gen ladan l kondisyon ki te genyen deja pou moun ki rete lakay mwen, mezi ki enstale yo, ekonomi enèji, ak lòt done): NYSERDA ak reprezantan li yo; nan mezi pwojè mwen an ap resevwa finansman federal pase pa Depatman Enèji an ak reprezantan li yo; Pwogram Asistans pou Pwoteksyon Kont Move Tan (Weatherization Assistance Program, WAP) Eta New York la ak/oswa reprezantan li deziyen yo; tout òganizasyon kominotè k ap travay onon pwogram NYSERDA yo; sèvis kouran elektrik ak gaz natirèl mwen yo; ak moun ak òganizasyon sa yo: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ ke mwen anboche nan objektif pou yo ede mwen ranpli ak depoze demann nan.

Patisipan an dakò ak bay otorizasyon pou yo bay Pèsonèl Depatman Sèvis Piblik Eta New York la ak sèvis piblik lokal ki apwopriye a, sa gen ladan l ajan oswa reprezantan otorize li, enfòmasyon konsomatè patisipan an ak/oswa enfòmasyon nan nivo pwojè a, nan kad akonplisman responsabilite li yo selon lòd Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la. (Pou nou sa klè, ekspresyon nivo projè a gen ladan l enfòmasyon ki baze sou kad pwojè a, sa gen ladan l, pami lòt bagay, bilding annantye, bilding oswa souzansanm nan pwojè a.)

Mwen konprann enfòmasyon mwen bay yo gen dwa sèvi pou kontakte mwen oswa pou ede mwen itilize nenpòt pwogram ki genyen kounye a oswa ki pral genyen pi devan si mwen kalifye pou yo epi nan objektif detèmine si mwen kalifye pou pwogram NYSERDA yo ak/oswa pwogram rezidansyèl sèvis piblik yo ak rekonpans finansye yo, pou detèmine si mwen kalifye pou NYS WAP, pou estime ki posibilite ekonomi enèji mwen genyen, ak nan objektif fè evalyasyon. Mwen konprann tout enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl nan mezi lalwa pèmèt sa. Mwen konprann si yo ban mwen sèvis nan pwogram rezidansyèl NYSERDA yo oswa nan NYS WAP, patisipasyon mwen nan pwogram sa yo p ap gen konsekans sou ni prestasyon sekirite sosyal mwen, ni asistans piblik mwen, ni kèlkeswa lòt revni an.

Mwen konprann demann sa a pa garanti y ap ban mwen asistans la. Si wi ou non y ap ban mwen sèvis yo ap depann de kantite demann yo resevwa ak de disponibilite fon ak de priyorite pwogram yo tabli.

Mwen dakò kite reprezantan NYSERDA yo, reprezantan NYS WAP yo, ak founisè sèvis endepandan k ap patisipe yo, antre nan lojman mwen an, nan lè ki akseptab pou nou toude, pou fè aktivite pwogram nan, sa gen ladan enspeksyon enèji, enstalasyon mezi yo, Asirans Kalite, ak aktivite evalyasyon. Mwen konprann founisè sèvis k ap patisipe yo se founisè sèvis endepandan epi yo ofri yon garanti pou yon ane sou mendèv pou travay yo fè a. Mwen konprann tou founisè sèvis ak vandè k ap patisipe yo ap bay garanti ki apwopriye sou tout ekipman yo bay epi ni NYSERDA ni NYS WAP p ap bay okenn garanti anplis.

Mwen dakò epi mwen afime, sou pèn sanksyon lalwa prevwa, mwen egzaminen deklarasyon mwen fè yo nan tout pati demann sa a, sa gen ladan deklarasyon ki fèt sou tout dokiman ki akonpaye li yo, epi dapre sa mwen konnen yo se laverite epi yo pa manke anyen.

Mwen konprann siyati mwen sou fòmilè sa a bay NYSERDA, reprezantan NYS WAP yo, ak moun yo deziyen yo otorizasyon pou yo asire mwen kalifye pou pwogram NYSERDA yo ak pou NYS WAP. Mwen dakò pou yo chèche tout ransèyman pou verifiye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa si gen enfòmasyon mwen pa bay pou mwen ka resevwa avantaj sosyal mwen pa gen dwa a yo, yo gen dwa rele mwen devan lajistis nan tout mezi lalwa pèmèt sa. Mwen deklare tou pa gen moun ki nonmen nan demann sa a ki ka diskalifye pou sèvis pwoteksyon kont move tan dapre Lwa sou Refòm ak Kontwòl Imigrasyon (Immigration Reform and Control Act) 1986 la (Lwa Piblik 99-063).

---

Siyati Demandè a

Dat

---

Siyati Reprezantan Demandè a

Dat

*Nou gen dwa bay lòt pwogram rezidansyèl andedan NYSERDA kowòdone ou yo. Pou chwazi pou nou pa fè sa, tanpri mete inisyal ou isit la.* \_\_\_\_\_

## IZAJ ENTÈN SÈLMAN

Kiyès ki Egzaminen Demann nan:  HEAP  OFA  Sèvis Piblik  Soubenefisyè Pwoteksyon Kont Move Tan  
 EmPower  Lòt: \_\_\_\_\_

Make tout avantaj sosyal moun nan kay la resewa:  SSI  HEAP  SNAP  TANF

Dapre enfòmasyon demandè a bay yo, nou detèmine fanmi an:

- Kalifye pou Revni Mwayen Sèlman  Kalifye pou Pwoteksyon Kont Move Tan  
 PA Kalifye pou Pwoteksyon Kont Move Tan  
 Kalifye pou Sèvis pou Revni Ba  PA Kalifye pou Sèvis pou Revni Ba  
 Kalifye pou Revni Ba, men prale sou lis datant pou Pwoteksyon Kont Move Tan

Make isit la si:

- Fanmi an te resewa sèvis Pwoteksyon Kont Move Tan deja  
 Fanmi an pa kalifye pou EmPower+ ba li lòt sèvis

Lòt Kòmantè:

Siyati Reprezantan EmPower+ la

Tit

Dat

